La mère et ses 3 filles

2è Conte

Lééb bii, li ko waral mooy genn góór
gu rafet gu dëkk ci àll bi moon kena.
Am senn soxna su rafet moom it di waaxu
ba dugg ci àll bi, gis góór gi. Naka
mu ko gise, mu ne ko :

- "Man de waay, kom-ka gis naa la
te sey moo neex yàla neex yoneent bi
dama bëgg nu sey."

Mu ne ko :

- " Man de fii ma nekk jammu
yàla reka ma fi bàyyi."

Ndaw si ne ko : " Dama bëgg ñu sëy. Dama la beggë wettéli

Ñu ne ko:

- "Kon nag bismilaay."

Ñu daldi dem ci jàkka ja - góór
gi tabaxlu jàkka fi mu dëkk, ñu daldi
leen defal bi, ñu daldi sey.
Naka la soxna si taawloog moon
doom ju jigéén mu tudde ko "Jarbi
Jarbi. Ñu teg ci ñaari at, Jarbi Jarbi
fer ; soxna si ëmbaat jeneen
doom ju jigéén, mu tudde ko "Bëta dënnu". Ñu toogaat ñaari at, Bëta
Dënnu" fer, soxna si ëmbaat, am
jeneen doom ju jigéén, muy ñetteelu
doomam, mu tudde ko "Suufa Yëngu".
Ndaw si boot ko ñaari at, "Suufa Yëngu fer, soxna si ëmbaat. Xale bi
juddu mu tudde ko "Makkodum Caat"
Yàla àte soxna si caatloo kooku nag.
Xale yiy màgg, di màgg, di màgg
ba mel ni seen yaay ci taar. Seen
yaay bu xëyee, dugg ci àll bi taxani.
Seen baay it bu xëyee dem ci nag yi
sàmmi. Benn naar war gëléémam
di dox, di dox ba agsi ci dëkk bi,
muy genn kër gu am ñeenti néégu

xale yi ag ñaari nèèg benn bi
seen baay dëkk ci beneen bi seen
ndey. Naar bi jëkk ñëw ci benn nèèg bi, gis "Jarbi Jarbi". Bi naar
bi gisee "Jarbi Jarbi", dafa ne tërit ndax ab taar,
daldi daanu ci suuf xëm. Mu ximmaliku
ne ko :
- "May ndox ma naan."
"Jarbi Jarbi" may ko ndox mu naan.
Bi mu ko mayee nodox muy naan,
"Jarbi Jarbi" daldi woo "Bëta dënnu",
woo "Suufa Yëngu", woo "Makkodum Caat"
ñuy ñeent. Naar bi jàkkarloog ñoom,
naan ba noppi, gis leen, waraat gëlèèmam
daldi daw ci buur ne ko :
- "Man de buur, gis naa bu rafeta fafeta raf..."
Ne falañ daanu ndax yàkamti ko wax
buur rek. Buur ne ko :
- "Man de xam naa ne li ngay bëgg
wax rëy na ; waaye nag, mën naa
la booleeg ñeenti dag, ag ñeenti fas,
ag ñeenti fetal. Soo waxee dëgg,
dinaa la ko may. Soo waxee lu dul
dëgg, dinañu la fetal."
Mu ne ko :
- "Ayca !"
Naar bi jóg. ànd ag dag yi ñu war
takk. Ñuy ràmbal, di ràmbal, di ràmbal ba agsi ci dëkk bi. Bi ñu
agsee, fekk yaay ji taxaneeti, baay ji tàmmiwaat.
Naka ñu nuyoo, ñu fey leen, ñoom janq
yi ñu daldi daw xuleeku, xool naar
bi, xool dag yi mu ànddal. Ku nekk
daldi yër, daw. Dag yi daldi jël ku
nekk kenn, tooge ci sa ginaaw. téyé

ci sa laabu fas. N̂uy dawal, di dawal
di dawal ba agsi ca réew ma, naka
ñu agsi, buur ne tël gis ñeenti dag
yi ag naar beeg gëléém gi mu war.
ka mu jëkk yem ci moom di "Jarbi Jarbi" taawu soxna si.
Buur daldi tiit ndax taar, ndax boobub taar kenn mësu
ko gis. Buur daldi taxawal ñeenti
néég, ku ne mu jox la néég. Ku ci
moome, mbindaan yee lay toggal, soqal la, rootal la.
Soxna si nag, bi mu jógéee ci àll,
mu dugg ci kër gi, gisul doom yi.
Mu ne :
- "Jarbi Jarbi !"
àll ne seendaw...
Mu ne
- "Bëta dënnu !"
àll ne seendaw ...
Mu ne
- "Suufa Yëngu !"
àll ne seendaw...
Mu ne
- "Makkodum caat"
àll ne seendaw...
Soxna si jaaxle daldi jóg nag, daldi ne :
- "Man de xamuma sama doom yi lu
leen fi jële ?"
Xam nga njuréél rek. Mu daldi jóg topp
àll bi. Di dox, di dox, di dox ba garab
yi sax ci boppam, picc yi tàgg ci, gaynde
yi dëkk ci. Bés, mu nëw ci dëkk bi
booru tààkusaan ; mu dikk ci kër "Jarbi Jarbi" ne :
- "Jarbi Jarbi jarnaabe !
Bëta dënnu jarnaabé !
Suufa Yëngu jarnaab !
Mokkodum Caat mayal sa yaay ndox
mu naan."

"Jarbi Jarbi" séén ko, daldi daw ne :
- "Man de kii dama kix ko ragal !
Bilaay buur, man kii ñemewu ma ko. Tee
nga ko fetal ?"
Buur daldi soqi benn bal, picc yi tiit,
gaynde yi tiit, yëngal garab yi ci bopp bi,
soxna si daanu. Mu daldi jògé
kër "Jarbi Jarbi", dem kër Bëta dënnu,
mu dikk kër "Bëtt dënnu", daldi jaar
fa mu jaaroon, ne :
- "Jarbi Jarbi jarnaabe !
   Bëta dënnu jarnaabe !
   Suufa Yëngu jarnaabe !
   Makkodum Caat
Mayal sa yaay ndox mu naan "
"Bëta Dënnu ne bërët ci taaxum kaw mi,
séén soxna si, ne :
- "Man de buur, kii dama ko sééxlu."
Buur ne ko :
- "Jaar na léégi kër "Jarbi Jarbi".
Waaye xaaral rek ma ñëw def ko ni ma
ko defoon."
Daldi fetalaat sox ba, tiitlaati gaynde yi
picc yi yëp naaw, soxna si daanooti ci
suuf. Di raam, di raam ba yàla may ko
kàttan mu jògaat, dikk kër "Suufa Yëngu"
ne :
- "Jarbi Jarbi jarnaabe !
   Bëta dënnu Jarnaabe !
   Suufa Yéngu jarnaabe !
   Makkodum Caat,
   Mayal sa yaay nodx mu naan."
"Suufa Yëngu" daldi daw akk buur
ne ko :
- "Buur ! Man de defewoon naa ne
doo fi indi mukk lu may ragal."

Mu ne ko

- "Ana mu ?"

Mu ne ko

- "Mu ngi nii

Mu ne

- "Léégi la demoon këر "Jarbi Jarbi ma fetal ko ; mu dem kër Bëta dënnu ma fetal ko ; mu ñëw sa kër yaw; Bayil rek ma fetal ko."

Daldi soqiwaat bal ba, gaynde yi tiitati, picc yi naaw, soxna si daanu, daldi jóg dem kër Makkodum Caat ne :

- "Jarbi Jarbi jarnaabe !
   Bëta dënnu jarnaabe !
   Suufa Yëngu jarnaabe !
   Makkodum Caat,
mayal sa yaay ndox mu naan."

Makkodum Caat ne bërét, daldi séén soxna si, xool ko, xoolaat ko ne ko :

- "Soxna si dellul ci li nga wax."

Mu ne

- "Jarbi Jarbi jarnaabe !
   Bëta dënnu, jarnaabe !
   Suufa Yëngu jarnaabe !
   Makkodum Caat
   mayal sa yaay ndox mu naan."

Mu neeti ko :

- "Soxna si, dellul ci Woy wi."

Soxna si ne.

- "Jarbi Jarbi jarnaabe !
   Bëta Dënnu jarnaabe !
   Suufa Yëngu jarnaabe !
   Makkodum Caat,
Mayal sa yaay ndox mu naan."

- "Man de kii xamuma fumu ma xame. Céy sama ndey ja ... kii daal sama ndey ja la."

Mu daldi xaweeku ci taaxu kaw mi, laxasu
ndey ji. N̂ëp wax ko mu ne leen :
- "kii daal moo ma jur."
Buur ne ko :
- "Man de fetal naa ko kër Jarbi Jarbi,
fetal naa ko kër Bëta Dënnu, fetal naa
ko kër Suufa Yëngu. YÂw mii nag ne
moo la jur, te yaay caatam, xam naa
ne li nga ci wax dëgg la. Waaye nag
demal woo lawbe ya ca kanton bale..."
N̂ooñu dikk, kumaase gor garab yi
àjjuma ba àjjuma dellusi. Garab yi
jeex. N̂u kumaase ko sang ci dexu
meew àjjuma ba àjjuma dellu si,
kumaase ko diw dax àjjuma ba
àjjuma dellusi. Bopp bi xaxaat.
Ngoon jot, ñu woo waa dëkk ba, rey
nag yi, tëgg gaajo gi. Naka tañu tëgg
gaajo gi, Makkodum Caat ne ko
- " Yaay, xam nga ne doomu ndey
ndeya ko jur. Nanga dem kër "Jarbi Jarbi" nuyuji ko."
Mu ne ko :
- "déédéét. Dama dem kër "Jarbi Jarbi" mu daw ma."
Mu ne ko
- "Jarbi Jarbi" fetalu la. Buur mii moo
la fetal te defa la xamul woon."
Mu ne ko :
- "Lu mu ci mënadoon, yaw mii di sama
caat, ma jur la, nga am xol mu tollu
ni, fu ma dem ñu fetal ma, yaw nga
xamme ma, sa jëkkër defal ma jii
teraanga, du ma dem fenn."
fa la léêb bi doxe tàbbi gééj...